

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran nulis minangka salah sahiji aspék tina opat kaparigelan basa. Éta kaparigelan téh raket patalina jeung kaparigelan séjénna. Pikeun nyangkem kaparigelan nulis, ilaharna dimimitian ku prosés ngaregepkeun, nyarita, jeung maca, anu satuluyna diteruskeun kana kaparigelan nulis.

Zainurrahman (2011, kc. 2) nétélakeun yén kaparigelan ngaregepkeun jeung maca nu mangrupa kaparigelan réseptif sedengkeun kaparigelan nulis jeung nyarita kaasup kana kaparigelan produktif. Kaparigelan nyarita jeung ngaregepkeun bisa ngaliwatan interaksi sapopoé jeung masyarakat sabudeureunnana. Lamun kaparigelan nulis jeung maca mah ukur bisa narima jeung mekarkeun maké tiori nulis jeung maca.

Ku kituna, kaparigelan nulis dianggap hésé lantaran dina nulis mah mikabutuh kamampuh nangtukeun idé atawa gagasan jeung tuluy tumuluy latihan. Sakumaha pamadegan Luh, spk. (2014) pikeun bisa nulis nu hadé, nu nulis kudu miboga sababara kamampuh. Éta kamampuh téh nya éta: 1) kamampuh ngaorganisasi pamadegan; 2) kamampuh nginget-nginget; 3) kamampuh nyieun konsép; jeung 4) kamampuh tata tulis.

Nurutkeun Dita, spk. (2013) yén nulis sok dianggap minangka kamampuh basa anu babari, tapi dina kanyataanana mah kaparigelan nulis nu aya di unggal individu téh rata-rata leuwih handap tinimbang kaparigelan basa séjénna. Dina kagiatan nulis, hiji jalma kudu parigel dina maké struktur basa jeung kosakecap nu merenah. Nyatana kaparigelan nulis siswa di sakola téh masih kénéh héngkér.

Nurutkeun hasil obsérvasi ka SMK PGRI 2 Cimahi ku cara wawancara. Guru PGRI 2 ngajéntrékeun yén pangajaran basa Sunda dina kaparigelan nulis, hususna pangajaran nulis wawangsalan, kaasup kaparigelan nu dianggap hésé. Lantaran salian tara maké basa Sunda, siswa ogé kurang parigel dina nangtukeun ide jeung néangan kecap nu pariatif dina ngarang, sarta kurang parigel dina matalikeun unggal kalimah ti mimiti nepi ka ahir supaya nyiptakeun tulisan nu merenah tur miboga harti jeung maksud.

Kamampuh nulis siswa dina pangajaran basa Sunda kawilang héngkér, kitu deui dina nulis wawangsalan. Sedengkeun dina (KI KD) Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar salah sahiji mata pelajaran basa jeung sastra di kelas X téh nya éta wawangsalan nu kaasup kana sisindiran. Kompetensi Dasarna dina poin 10.8.4 nya éta “ *Menanggapi dan mengekspresikan SISINDIRAN sesuai dengan kaidah-kaidah secara lisan dan tulisan*”. Dina prak-prakanna siswa teu ngahontal hasil anu nyugemakeun dina nulis wawangsalan. Ieu hal katitén tina hasil diajar siswa kelas XI di SMK PGRI 2 Cimahi nu taun pangajaran kamari, diuk di kelas X. Dina pangajaran basa Sunda siswa lolobana can mampuh ngahontal nilai KKM.

Dina nulis wawangsalan siswa nyanghareupan sababaraha pasualan, nya éta guru wilangan anu sok leuwih atawa kurang tina jumlah engang nu geus ditangtukeun, éjahanana anu can bisa ngabédakeun huruf vocal é, eu, jeung e dina ngagunakeun koma (,) jeung titik (.) dina unggal tungtung padalisan, sarta milih diksi nu luyu atawa henteu jeung eusi wangsalna.

Saluyu jeung peraturan daérah propinsi Jawa Barat no.14 Taun 2014 ngeunaan pemeliharaan basa, sastra jeung aksara daérah, basa Sunda diajarkeun dina atikan formal jeung non formal di Jawa Barat. Ku kituna ieu panalungtikan minangka tarékah miara basa jeung sastra Sunda sangkan bisa ngungkulan masalah pangajaran di Sakola. Hususna dina pangajaran nulis wawangsalan.

Nurutkeun Kemp (dina Rahman, 2016, kc. 1) yén modél pangajaran mangrupa hiji rarancang pangajaran prosés diajar-ngajar (*desain instruksional*) nu digunakeun pikeun nangtukeun maksud jeung tujuan unggal topik bahasan, nganalisis karakteristik warga belajar, nyusun tujuan instruksional husus, milih eusi pangajaran, ngalaksanakeun *pre-test*, ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar/sumber diajar, ngayakeun dukungan pelayanan, ngalaksanakeun évaluasi, jeung nyieun révisi.

Modél pangajaran anu dipilih dina ieu panalungtikan nya éta salasahiji modél pangajaran kooperatif. Nurutkeun Luh, spk. (2014) yén modél pangajaran kooperatif éfektif pisan pikeun prosés pangajaran, sabab siswa nu hiji bisa gawé bareng jeung siswa séjénna. Ieu modél pangajaranna hadé pikeun ngaronjatkeun sumanget siswa jeung nyiptakeun suasana pangajaran anu kondusif dina kelompok diajar.

Modél pangajaran *concept sentence* kaasup kana modél pangajaran kooperatif. Nurutkeun Huda (dina Purwanto, 2013) yén modél pangajaran nu dimimitian ku nepikeun kompetensi, nepikeun matéri, nyieun kelompok hétérogen, nepikeun kecap galeuh dumasar matéri ajar, jeung tugas kelompok. Anapon panalungtikan saméméhna ngeunaan “Modél *Concept Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (studi kuasi-eksperimen ka siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014” Ai Rohati taun 2014, nyindekkeun yén hasil uji hipotésisna nya éta $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $12,90 > 2,45$, hartina hipotésis alternatif (H_a) ditarima, hipotésis nol (H_0) ditolak. Jadi modél pangajaran *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung.

Panalungtikan nu geus dilaksanakeun: (1) Astri Mustika Maulida taun 2016 nu judulna “*Modél Pangajaran Think-Talk-Write (TTW) Pikeun ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan (Studi Kuasi Eksperimen Ka Siswa Kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung)*”; (2) Ai Rohati taun 2014 nu judulna “*Modél Pangajaran Concept Sentence pikeun ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Eksperimen Ka Siswa Kelas X IPA 1 SMAN Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*”; (3) Rena Anggraeni taun 2014 nu judulna “*Modél Pangajaran Concept Sentence pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Essay (Studi Kuasi Eksperimen Ka Siswa Kelas XII IPA SMA Kartika XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*”.

Tina sababaraha panalungtikan anu geus aya, mémang aya sasaruuan dina nalungtik wawangsalan jeung modél *concept sentence*. Bédana can kungsi aya nu nalungtik wawangsalan maké modél pangajaran *concept sentence* di SMK.

Nilik kana tinimbangan di luhur, panalungtikan nu judulna “*Modél Pangajaran Concept Sentence Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan (Studi Kuasi Éksperimen ka Siswa Kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi Taun Ajaran 2017/2018)*”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, katitén aya sababaraha masalah anu karandapan dina ieu panalungtikan. Tina hasil idéntifikasi, kapaluruh yén siswa téh masih héngkér ngeunaan: 1) guru wilangan anu sok leuwih atawa kurang tina jumlah engang anu geus ditangtukeun; 2) éjahanana nu can bisa ngabédakeun huruf vocal e, eu, jeung é dina ngagunakeun koma (,) jeung titik (.) dina unggal tungtung padalisan; jeung 3) milih diksi anu luyu jeung eusi wangsalna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas Siswa Kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi saméméh diajar ngagunakeun modél *concept sentence*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi sanggeus diajar ngagunakeun modél *concept sentence*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan kamampuh nulis wawangsalan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji modél pangajaran *concept sentence* dina nulis wawangsalan ka siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi taun ajaran 2017/2018.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi saméméh ngagunakeun modél *concept sentence*;
- 2) kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*; jeung
- 3) béda anu signifikan kamampuh nulis wawangsalan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, hususna pikeun nu nyusun, umumna pikeun lembaga atikan, sarta pihak-pihak lembaga séjén nu boga kapentingan kana hasil panalungtikan. Mangpaat ieu panalungtikan kabagi jadi dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun ngeuyeuban modél pangajaran basa Sunda nu bisa dipaké dina pangajaran nulis wawangsalan siswa kelas X atawa satata; jeung
- 2) meunangkeun atawa nimukeun prinsip-prinsip nulis wawangsalan anu ngawengku pemilihan diksi, éjahan, sarta hubungan anu rélévan antara eusi jeung wangsalna.

1.4.2 Manfaat Praktis

Anapon mangpaat praktis anu dipiharep bisa ngahontal tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) pikeun guru, bisa jadi alternatif diajar ngajar basa Sunda utamana dina ngajarkeun kaparigelan nulis ngagunakeun basa Sunda nu bener tur merenah, sarta guru bisa leuwih kreatif jeung inovatif dina nepikeun materi ngeunaan wawangsalan hususna ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*;
- 2) pikeun siswa, sangkan leuwih resep tur daria dina nulis wawangsalan, lain ngan saukur dina pangajaran nulis wungkul, tapi aya kahayang dina dirina sorangan tanpa aya tuntutan ti luar; jeung
- 3) pikeun anu nalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh anu patalina jeung modél pangajaran *concept sentence*.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina hiji panalungtikan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkahna. Anapon raraga panulisan skripsi dijéntrékeun ieu di handap.

Bab 1 mangrupa bagian awal dina tulisan ieu skripsi anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan boh anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat

panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat tioritis boh mangpaat praktis, jeung raraga panalungtikan skripsi.

Bab II ngajéntrékeun ngeunaan rupaning tatapakan tiori anu ngawengku tiori modél pangajaran, modél pangajaran *concept sentence*, tiori wawangsalan, tiori nulis, jeung pangajaran nulis wawangsalan.

Bab III eusina mangrupa métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, kaasup sababaraha komponén, saperti: a. desain panalungtikan; b. sumber data panalungtikan; c. instrumén panalungtikan; d. prosedur panalungtikan; e. téhnik ngumpulkeun data; jeung f. téhnik analisis data.

Bab IV eusina mangrupa hasil panalungtikan nu ngawengku déskripsi kompetensi siswa di SMK PGRI 2 Cimahi. Anapon dina pedaran, eusina ngadadarkeun analisis data panalungtikan.

Bab V eusina ngadéskripsikeun kacindekan jeung saran atawa rékomendasi pikeun panalungtikan saterusna. Kacindekan mangrupa kesimpulan atawa intisari tina sakabéh pedaran. Saran atawa rékomendasi disusun pikeun pihak-pihak anu patali jeung hasil panalungtikan.